



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE AVRIL KÒM MWA SANSIBILIZASYON SOU AGRESYON SEKSYÈL

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik ak Biwo Sèvis Jeneral la ap òganize ansanm ekspozisyon sou Jounen Denim Eta New York la

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik la lanse kanpay rezo sosyal "Rankont Anmoure atravè Dijital" piblik la, fòmasyon chak semèn 'Vyolans Seksyèl 101' pou travayè yo

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te rekonèt mwa avril kòm Mwa Sansibilizasyon sou Agresyon Seksyèl (Sexual Assault Awareness Month) nan Eta New York, nan pibliye yon [pwoklamasyon](#) nan tout eta a. Menm lè ak anons lan, [Biwo Prevansyon Vyolans Domestik](#) (OPDV) pral òganize Ekspozisyon Jounen Denim Eta New York la an patenarya ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), epi lanse kanpay rezo sosyal "Rankont Anmoure atravè Dijital" ki konsantre sou abitud rankont anmoure sou entènèt ki an sekirite ki ankouraje sansibilizasyon sou entelijans atifisyèl (AI) ak chantaj sou entènèt. Anplis de sa, OPDV te anonse fòmasyon sansibilizasyon "Vyolans Seksyèl 101" chak semèn.

"Batay kont agresyon seksyèl mande pou nou rekonèt gravite pwoblèm sa yo ak responsablite kolektif pou kreye anviwònman ki fè sivivan yo santi yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap make Mwa Sansibilizasyon sou Agresyon Seksyèl la an avril, nou dwe kontinye sipòte sivivan yo atravè Eta New York ak ankouraje yo sèvi ak vwa yo pou pote limyè sou pwoblèm sa yo."

[Jounen Entènasyonal Denim](#) lan te etabli apre yon desizyon tribinal ki gen 25 ane de sa, kote agresè ki gen 18 an te kapab anile kondanasyon li lè li deklare li pa t ap kapab retire abako (jeans) li san èd li. Vèdik la te pwovoke manifestasyon atravè mond lan, kote fanm atravè mond lan te mete abako denim pou montre solidarite yo ak sivivan yo. Ekspozisyon Jounen Denim Eta New York la ap disponib pou nou gade nan Empire State Plaza Concourse apati 23 avril rive 25 avril.

OPDV pral lanse tou kanpay rezo sosyal "Rankont Anmoure atravè Dijital" la, ki gen ladann filt espesyal pou pwofil sou rezo sosyal moun ka telechaje epi pataje pou montre sipò yo pou sivivan yo epi edike lòt moun nan kominote a sou eksplwatasyon seksyèl ak vyolans nan mond dijital la. Chak filt mete aksan sou yon diferan fòm abi. Filt yo ap disponib sou sitwèb OPDV pou telechaje pandan tout mwa avril ak apre. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou filt yo ak yon kou sou fason pou w ajoute (upload) yo [isit la](#).

An final, OPDV pral òganize tou kou 'Vyolans Seksyèl 101', yon kou fòmasyon vityèl chak semèn ki dire inèdtan pou anplwaye, sipèvizè, ak administratè yo k ap travay nan distri lokal yo, ajans prive san bi likratif yo, minisipalite yo, elt., k ap ede sivivan vyoloans ki baze sou sèks yo ak sivivan vyolans seksyèl yo. Fòmasyon sa a ki baze sou entènèt la se yon entwodiksyon debaz sou vyolans ki baze sou sèks ak vyolans seksyèl, ki gen ladann definisyon, definisyon konsantman ak estatistik.

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la, Kelli Owens, te deklare, "Pandan rankont anmoure sou entènèt ak itilizasyon entènèt kontinye ap grandi nan popilarite kòm fason ki pi fasil pou rankontre nouvo moun, nou dwe redefini ak kisa rankont anmoure ak konsantman sanble pandan n ap adrese danje yo ka poze. Mwa Sansibilizasyon sou Agresyon Seksyèl sa a, OPDV dedye pou edike Nouyòkè yo sou chantaj seksyèl ak imaj ak anrejistreman IA pwodwi, tankou fo videyo (deepfake), pandan y ap ankouraje move konpòtman sou Entènèt. Mèsi, Gouvènè Hochul, non sèlman paske w te konprann gravite pwoblèm sa yo, men paske w te asire w ke konbat vyolans ki baze sou sèks nan premye plan pou tout Nouyòkè yo."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Agresyon seksyèl se yon pwoblèm sante piblik grav ki ka lakòz konsekans sante devastatè ak pou tout lavi sou sivivan yo, ki afekte byennèt fizik, emosyonèl ak sikolojik. Atak sa yo tou afekte fanmi, zanmi ak kòlèg travay viktim agresyon seksyèl yo epi Depatman Sante Eta a angaje nan repons ki santre sou sivivan yo e ki adapte ak kilti a pou vyolans seksyèl, pandan l ap agrandi ak amelyore repons sante piblik nan Eta New York."

Komisè pa Enterim nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi yo. Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Mwen kontan rejwenn Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik jodi a nan ranfòse angajman Eta New York pou mete fen nan vyolans seksyèl. Nou tout dwe travay ansanm - tankou moun, kominote ak òganizasyon - pou ogmante sansibilizasyon sou kantite fwa yo fè agresyon seksyèl, sitou nan espas dijital la. Nou bezwen tou kolabore sou fason pou anpeche agresyon sa yo, tankou vyolans domestik, vyolans sou rankont anmoure, eksplwatasyon seksyèl ak trafik. OCFS sipòte yon rezo resous ak sèvis pou ede jèn ki soufri agresyon seksyèl ak moun k ap bay swen yo, pou asire yo ke agresyon pa janm fòt yo, epi ede yo geri."

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Mwen kontan rejwenn Gouvènè Hochul ak kòlèg nou yo nan gouvènman eta a pou ede sansibilize moun sou atak seksyèl ak onore sivivan yo pou rezistans ak fòs yo. Nou rekonesan tou anvè OPDV paske yon lòt fwa ankò yo te bay patnè distri sèvis sosyal lokal nou yo fòmasyon ki gen anpil valè sa a ke nou konte sou

li pou bay sivivan vyolans seksyèl yo sèvis ki santre sou sivivan, ki konsidere twomatis, epi ki aupdate ak kilti."

Direktè Enterimè ak Konseye Biwo Sèvis pou Viktim lan, John Watson, te deklare, "Nou pran angajman pou asire ke moun ki te viktim agresyon seksyèl kapab jwenn aksè nan sèvis ak sipò lè yo bezwen yo, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman fèm li pou sipòte sivivan yo."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Prevalans teknoloji a chanje tout aspè nan lavi nou. Mwen felisite OPDV paske l ap travay pou sansibilize sou danje ki genyen nan rankont anmoure sou entènèt ak krim ki fèt grasa teknoloji, epi bay Nouyòkè yo enfòmasyon pou yo pran desizyon entelijan epi asire sekirite pèsonèl yo pi byen."

Liy Asistans sou Vyolans Domestik ak Vyolans Seksyèl (Domestic and Sexual Violence Hotline) Eta New York la, bay sipò konfidansyèl gratis, 24/24 ak 7/7 epi li disponib nan pifò lang: 800-942-6906 (rele)l, 844-997-2121 (tèks) oswa @ [opdv.ny.gov](https://www.opdv.ny.gov) (tchat). Moun ka ale tou sou www.ovs.ny.gov/connect pou jwenn yon pwogram asistans pou viktim nan kominote yo a. Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) lan finanse ak sipòte 239 pwogram asistans pou viktim nan tout eta a ki bay sèvis esansyèl, tankou konsèy pou kriz, gwoup sipò, jesyon ka,abri ijans, èd legal sivil, ak asistans pou demenajman, pami lòt asistans, pou viktim yo ak sivivan vyolans domestik, agresyon seksyèl ak lòt krim, ak fanmi yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)